



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE MOUN NEW YORK YO ENSKRI POU YWITYÈM
JOUNEN ANYÈL “I LOVE MY PARK” LA**

***Aktivite Volontarya yo Ap Òganize nan Plis Pase 130 Pak Eta, Sit Istorik ak Tèren
Piblik yo Ki Atravè New York***

Ou Kapab Ouvri Anrejistreman epi Konplete yo La a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke enskripsyon ouvri kounye a pou ywityèm jounen anyèl I Love My Park la (Mwen Renmen Pak Mwen), ki ap fèt nan dat 4 Me 2019 nan pak eta, sit istorik ak tèren piblik yo toupatou nan New York. Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ak Pak ak Santye New York yo (Parks and Trails New York) mete ansanm pou patwone evènman an, ki se yon aktivite k ap fèt atravè tout eta a pou amelyore pak, sit istorik ak teren piblik yo epi tou fè sansibilizasyon ak pote vizibilite sou atou lwazi ekstèn eta a yo ak sou bezwen yo.

“Jounen I Love My Park lan se yon gwo opòtinite pou rebay janm nan pak ak espas istorik nou yo pou ke lòt moun yo ka kontinye pwofite de trezò natirèl etonan ki nan eta nou an yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje moun New York yo enskri epi pòte yo volontè nan yon pak oswa sit istorik ki ap patisipe ki nan zòn yo an pou ka ede nou pwoteje epi prezève sistèm pak enkwayab nou an pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

“Pak yo se bijou kominote nou yo ki atravè Eta New York, ki ap bay timoun yo ak fanmi yo yon kote pou yo rasanble, aprann, epi pran plezi yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “New York se kote ki gen kèk nan pak ki pi bèl ak sit istorik ki pi anblematik nan mond lan yo. Mwen ap ankouraje moun New York yo enskri epi pòte yo volontè nan kad ywityèm ‘Jounen I Love My Park Day’ pou ede netwaye epi prepare pou sezon ete n ap tann depi lontan an.”

Volontè yo pral gen opòtinite pou yo patisipe nan aktivite netwayaj yo nan plis pase 130 pak eta, sit istorik ak tèren piblik yo soti nan Long Island pou rive nan Rejyon Lwès New York, epi kouvri tout rejyon ki nan mitan yo tou, ansanm ak sit ki jere pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation, DEC), Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service) ak pak minisipal yo. Ou ka ranpli enskripsyon pou Jounen I Love My Park la lè w vizite <https://protect2.fireeye.com/url?k=fd360434-a1103c0a-fd34fd01-000babda0031-fd691a2a2fd67d84&u=https://www.ptny.org/events/i-love-my-park-day>.

Volontè yo pral selebre tèren piblik New York la yo lè yo netwaye debri yo, plante pyebwa ak jaden, lè yo repara santye ak abita bèt sovaj yo, lè yo retire espès anvayisan

yo, epitou lè yo travay sou plizyè pwojè amelyorasyon espas la yo. Manm Kò Konsèvasyon Excelsior Eta New York la (New York State Excelsior Conservation Corps), ki se yon pwogram AmeriCorps Eta New York la ki jere pa Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan yo (Student Conservation Association), pral ede Pak Eta yo òganize epi reyalize pwojè Jounen I Love My Park yo.

Komisè Pwovizwa Pak Eta yo Erik Kulleseid te deklare, “Ane sa a, nou ap rete tann Jounen I Love My Park lan epi nou ap akeyi plizyè milye volontè ke efò yo kontinye fè sistèm pak eta nou an vin sa ki pi bon nan nasyon an. Mwen ta enmen remèsye patnè nou yo ki nan Pak ak Santye New York yo (Parks and Trails New York) poutèt yo ap òganize aktivite sa a epi ap elaji opòtinite pou rebay janm epi pwomouvwa jesyon ki responsab”.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la Basil Seggos te deklare, “Plis moun ke jamè ap pwofite de bèl resous ekstèn inik yo ke Eta New York gen pou ofri. Jounen I Love My Park lan se yon gwo opòtinite pou menm vizitè sa yo ka rebay janm epi ede pwoteje resous natirèl presye nou yo pou ke lòt moun yo ka eksperimente epi pwofite de peyizaj espektakilè nou genyen yo, forè abondan, ak pwason ak bèt sovaj yo”.

Direktè Egzekitif Pak ak Santye New York la Robin Dropkin te deklare, “Renesans Sistèm Pak Eta New York la se yon jwa pou nou konsève, menm jan ak demonstrasyon lanmou ak sipò zanmi ak volontè yo pou Jounen I Love My Park anyèl la. Jounen I Love My Park lan pa sèlman gen ladan pak eta ak sit istorik yo, men tou li gen tèren piblik yo ak tèren kan yo ki jere pa DEC Eta New York ak espas Pak Nasyonal yo. Kidonk gen menm plis opòtinite pou nou rann kote ekstèn presye nou yo ki nan tout rejyon eta a sèvis”.

Senatè José Serrano, Prezidan Komite Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi a (Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation), te deklare, “An 2018, yon kantite rekò 74 milyon vizitè te montre jan yo renmen Pak Eta yo anpil, ak pakèt opòtinite rekreyatif ke yo ofri yo. Jounen I Love My Park lan se yon opòtinite mèveye pou moun enplike nan anbelisman ak prezèvasyon pak, sit istorik, ak tèren kan ke nou renmen yo. Mwen ankouraje tout moun New York ak fanmi yo al rejwenn vwazen yo nan rebay janm epi pwoteje trezò natirèl nou yo pou jenerasyon fiti yo”.

Manm Asanble Danny O'Donnell, Prezidan Komite Atizay ak Touris la (Arts and Tourism Committee) di, “Mwen ankouraje tout moun New York ki itilize epi ki renmen pak yo pou yo al rebay janm nan monte tant yo nan Jounen I Love My Park la. Ak pakèt pwojè ak aktivite diferan ki ap fèt atravè New York, genyen divès fason pou moun patisipe”.

Jounen I Love My Park la konpleman efò Gouvènè Cuomo ap fè yo pou revitalize epi transfòme sistèm pak eta a. Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a, se yon angajman sou plizyè ane pou envesti 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Leta yo soti 2011 pou rive nan 2020. Bidjè Egzekitif 2019 la ap angaje 110 milyon dola anè inisyativ sa a.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 74 milyon moun chak ane. Yon etid resan te dekouvri ke Pak Eta New York yo jenere 5 milya dola nan depans vizitè ak pak yo, ki ap sipòte prèske 54,000 pòs travay. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa ale sou www.parks.ny.gov, konekte avèk nou sou Facebook oswa swiv nou sou Instagram ak Twitter.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)